АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

ЦОЛЪИ

№4 (9788)
РУЗМАН
2 февраль 2018 сон
16 ДЖУМАД УЛЬ-АВВАЛЬ 1439 СОН

Шамил районалъул газета
Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство
Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ
Багъа 9 гъур. 60 коп.

■ АДМИНИСТРАЦИЯЛЪУЛ ИШАЛ

К. МухIамадов:

«ХIухьбахъиялъул паркал, къватIал, гIаммал азбарал къачIазе руго»

Районалъул бетIерасул заместитель Камиль МухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь бегавулзабазул данделъи тIобитIана райадминистрациялда 29 январалда.

гIаммал азбарал тIадехун рехсараб программаялда рекъон къачIазе ккани, тIоцебесеб иргаялда гьезул инвентаризация гьабизе ккезулъул.

Гьенибго тасдикъ гьабуна рехсарал

Гьеб данделъиялда гьоркьоб лъуна азаргоялдаса цIикIкIун чи жанив гIумру гьабун ругел районалъул росабалъ «Формирование комфортной городской среды» абураб муниципалияб программаялда рекъон гьаризесел хIалтIаби абураб суал.

Гьеб суал рагьулаго К.МухIамадовас баян кьуна статистикаялда рекъон районалъул чIахIияздасан бугеб 9 росулъ гьаризе хIисабалде росарал хIалтIабазул. ГIатIидго бицана жамагIаталъ гIаммаб пайда босулел хIухьбахъиялъул паркал, къватIал, бакIазул инвентаризация гьабиялъул графикги. ХIебда росулъ гьаризесел хIалтIабазул бицунаго загьир гьабуна тIоцебесеб иргаялда хIухьбахъиялъул парк къачIазе бугилан абураб пикру.

Гьединго К.МухIамадовас бицана росабалъ гьаризесел хIалтIабазул мухIканаб сияхI районалъул официалиб сайталда лъун букIиналъул ва щиваб бегавуласда тIадкъай гьабуна ракIаризе кколел документал жиндир заманалда хIадур гьареянги.

М. АСХIАБОВ

■ ДАНДЕЛЪАБИ

Рагъулаб учеталда гIолилал лъей хашлъулеб буго

30 январалда районалъул бетIерасул заместитель ГIабдуразакъ Рамазановасул нухмалъиялда гьоркь данделъи тIобитIана райадминистрациялда.

Гьенир гIахьаллъана ЛъаратIа ва нилъер районазда гьоркьосеб рагъулаб комиссариаталъул хIалтIухъаби, росабазул бегавулзаби, ВУСазул хIалтIухъаби ва районалъул полициялъул отделалъул вакилзаби.

Данделъиялда гьоркьоб лъураб аслияб суаллъун букIана армиялде ине гIумрудул санал рарал нилъер гIолилал рагъулаб учеталда лъезе военкоматалде рачIунел гьечIолъиялъул суал.

Рагъулаб комиссариаталъул хIалтIухъан ГI. ГIабдухаликъовас бицана 2001 соналде щвезегIан гьарурал гIолилал киналго рагъулаб учеталда лъун рукIине ккеялъул.

Гьенибго бицана аслияб къагIидаялъ рагъулаб учеталда лъечIого район бахун къватIирехун гIумру гьабун ругел гIолилал хутIулел рукIиналъул.

Рагъулаб учеталда лъезе инкар гьабулел, лъутанхъулел гIолилал ралагьизе ва гьел уче-талда лъеялъе кинабго жидеда барабщинаб гьабизе бугилан абураб пикру загьир гьабуна районалъул полициялъул отделалъул вакил МухIамад МухIамадовасги.

Гьединго данделъиялда бицана рагъулаб учеталда гIолилал лъеялъул хIалтIи Гъандихъ, ГIасаб, Бакълъухъ, ГIурада, ТIогъохъ росабалъ хашго унеб букIиналъулги.

М.ГIУМАРАСХIАБОВ

Ильяс ХIусенов: «2017-2018 цIалул соналда цIияб къагIидаялда тIоритIулел предметалъулал олимпиадабазда нилъер районалъул цIалдохъабаз рихьизарурал хIасилал руго республикаялда щуабилеб бакIалда»

* * *

2018 сон авар мацI цIуниялъул сонлъун лъазабун буго «ЦОЛЪИ» казияталъул редакциялъ. Гьединлъидал цIикIкIун бухьен букIине буго авар мацI, адабият кьолел мугIалимзабазулгун. Авар мацIалъул ва авар адабияталъул олимпиадаялда бергьенлъи босарал цIалдохъаби ва гьезул мугIалимзаби редакциялде гьоболлъухъ ахIизеги ният буго нижер.

2 гьум.

■ ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

М.МахIачев :

«Тарбия-лъай кьеялъулъ мугIалимасул, цIалдохъанасул ва умумузул тIей гьечIеб бухьен букIине ккола»

Школазул директорзаби, чIахIиял классазул цIалдохъабазул умумул ва лъай кьеялъул отделалъул вакилзаби гIахьаллъараб данделъи тIобитIана райадминистрациялда араб анкьил хамиз къоялъ.

Гьений гIахьаллъана Дагъистаналъул лъай кьеялъул министерствоялъул вакил Раисат МухIамадоваги.

Данделъи рагьана ва нухда бачана районалъул бетIерасул заместитель МахIач МахIачевас. Гьес бицана лъималазе тарбиялъай кьеялъулъ мугIалимасул, цIалдохъанасул ва умумузул тIей гьечIеб бухьен букIине ккеялъул.

- Умумузда ва мугIалимзабазда лъалеб буго лъай босизелъун лъимер школалде ине кколеблъи. Амма гьелдаго цадахъ цонигияз хIаракат бахъулеб гьечIо щай гьоб лъай гьедигIан чара гьечIого босизе кколебали ва щвараб гьеб лъай хадубккун гIумруялда киб хIалтIизабилеб абураб жо лъимералда бичIчIизабизе. Гьединаб бичIчIи кьунгутIиялъул хIасилалда лъимералъулъ бижулеб буго жив школалде эбел-инсуе гьедин бокьун букIиналъ унев вугин абураб пикру.

Хадубго М.МахIачевас данделъаразе рагьана ахираб лъабго соналда жаниб лъай кьеялъул бутIаялда районалда бугеб ахIвал-хIал. ТIолгороссиялъулаб олимпиадаялъул регионалияб бутIаялде рорчIарал цIалдохъабазул цIаралги рехсон, М.МахIачевас умумузул кIвар буссинабуна бажари-лъай бугел лъималазе моралиябгун психологияб кверчIвай букIине ккеялде.

Гьес бицана нилъер районалдаса рехсараб олимпиадаялъул регионалияб бутIаялде 92 цIалдохъан иналъул. Гьезда гьоркьоса цIарцIарккун рехсана лъабго ва ункъго предметалда цадахъго олимпиадабазда бергьенлъи босаралги.

Цогоял пачалихъиял экзаменал ва ОГЭ кьеялъулъ ккарал хисабасиязул ва гьел экзаменал кьеялде лъимал хIадур гьариялъул бицун, кIалъаял гьаруна ХIебда гьоркьохъеб школалъул директор ГIали ДжабрагIиловас ва райадминистрациялъул лъай кьеялъул отделалъул специалист Шамиль Иманалиевас.

МухIамад ГIУМАРАСХIАБОВ

■ МЕТЕР МАГIАРУЛ МАЦI ХВЕЗЕ БАТАНИ..

Авар мацIалъул дарсаз къурал хIасилал



Ахираб кIиго анкьил гIодоркъояз районалъул лъай кьеялъул отделалъ тIобитIана 9, 10, 11-абилел классазул цIалдохъабазул авар мацIалъул ва литератураялъул лъай борцунеб олимпиада. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул 12 школалъул цIалдохъабаз.

Авар мацIалъул къецазда тIоцересел бакIал росана:

ГьентIа школалъул 9 аб. классалъул цIалдохъан ХIасанова ПатIиматица (мугIалим Месед НурмухIамадова);

ХIотода школалъул 10 аб. классалъул цIалдохъан МухIамад-Мансур ХIажиевас (мугIалим Бика Жамалова);

ХIебда школалъул 11 аб. классалъул цIалдохъан АхIмад МухIамадовас (мугIалим ПатIимат ХIажиева).

КIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана:

КъахIиб школалъул 9.аб классалъул цIалдохъан Меселова ПатIимат, Ругъелда школалъул 10 аб. классалъул цIалдохъан МухIамадова Афсана, ТIидиб школалъул 10 аб. классалъул цIалдохъан ГIисалмухIамадова Хадижат,

ТIидиб школалъул 11аб. классалъул цIалдохъан МухIамадова ПатIимат, ХIебда школалъул 11 аб. классалъул цIалдохъан ГIумаров АхIмад.

Лъабабилеб бакIалде рачIана:

ТIидиб школалъул 9 аб.классалъул цIалдохъан ГIабдулаева Хадижат, ХIебда школалъул 9аб.классалъул цIалдохъан Мусаева Мариям,

ХIебда школалъул 10 аб. классалъул цIалдохъаби МухIамадова Фатима ва АбдурахIманова ПатIимат, ХIотода школалъул 11 аб. классалъул цIалдохъан Ибрагьимова ХирапатIимат, ГьентIа школалъул 11 аб. классалъул цIалдохъан МуртазагIалиева ПатIимат, Ругъелда школалъул 11аб.классалъул цIалдохъан ЗайнулгIабидова ПатIимат.

* * *

Авар литератураялъул къецазда тIоцебесеб бакI босана:

КъахIиб школалъул 9 аб. классалъул цIалдохъан ЛабазанихIмаева ГIайшатица (мугIалим Рисалат МухIамадова); ТIидиб школалъул 10 аб. классалъул цIалдохъан Шехова ШугIайнатица (мугIалим Хадижат МухIамадова); ГьентIа школалъул 11аб. классалъул цIалдохъан Ханасулова Мариямица (мугIалим Кусум АхIмадова).

КIиабилеб бакI щвана: ТIидиб школалъул 9аб.классалъул цIалдохъан ГIабдулаева Хадижатие, ХIебда школалъул 10 аб.классалъул цIалдохъан Жамалудинова ПатIиматие, Гъоор школалъул 1 1аб. классалъул цIалдохъан ХIажикоева ПатIиматие.

Лъабабилеб бакIалде рачIана: ГьентIа школалъул 9аб. классалъул цIалдохъан ХIасанова ПатIимат, Микьигъориб школалъул 9аб. классалъул цIалдохъан ХIадисова Аминат, Ругъелда школалъул 10 аб. классалъул цIалдохъан ХIажиева ПатIимат, КъахIиб школалъул 10 аб. классалъул цIалдохъан Расулова ПатIимат, ТIидиб школалъул 11 аб. классалъул цIалдохъан МухIамадова ПатIимат, ХIебда школалъул 10 аб. классалъул цIалдохъан МухIамадов АхIмад.

P.S. Гьал ахирал соназ кIудияб кIваргьечIолъи, битIахъего данде балеб рагъ бугин абизе бегьула школазда рахьдал мацI малъиялда. ГIемералго районазда саламатго чучана рахьдал мацIалъул дарсал школалда кьеялъул рахъги. Гьеб рахъалъ нилъер районалда буго мисалияб хIалтIи. Нилъер талихI буго гьелъул кIвар бичIчIулев чи районалъул лъай кьеялъул нухмалъуда вукIин. Исанасеб 2018 сон авар мацI цIуниялъул сонлъун лъазабун буго «ЦОЛЪИ» казияталъул редакциялъ. Гьединлъидал цIикIкIун бухьен букIине буго авар мацI, адабият кьолел мугIалимзабазулгун. Авар мацIалъул ва авар адабияталъул олимпиадаялда бергьенлъи босарал цIалдохъаби ва гьезул мугIалимзаби редакциялде гьоболлъухъ ахIизе ниятги буго нижер. Гьениб жеги гIатIидго бицина нилъерго миллияб мацIалъул дарсал кьей школазда гьоркьоб къотIизе тани, миллаталъе, наслабазе кколеб камиялъул. Жидерго мацI гьечIони миллатги букIунарелъул.

Цоги, абичIого гIоларо, районалъул киналго школаз гуро гIахьаллъи гьабулеб авар мацIалъул ва цогидал олимпиадабазда. Гьелъие бугеб гIиллаги тIатинабила гьаб гIагараб заманаялъ.

М. МУХIАМАДОВ

Нилъер цIалдохъаби щуабилеб бакIалда

2017-2018

цIалул соналда цIияб формаялда тIолгороссиялъулал предметалъулал олимпиадаби тIоритIана нилъер районалда.

Лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев Ильяс ХIусеновасул рагIабазда рекъон, исанасел олимпиадабазул хаслъилъун кколеб буго, олимпиадаялда гIахьаллъарав щивав цIалдохъанасул хIалтIул халгьаби цебеккун гIадин нилъер районалда гуреб, республикаялда гьабулеб букIин ва гьелъие къиматги гьенибго кьолеб букIин.

13 предметалда тIасан тIоритIарал гьел олимпиадабазда нилъер районалдаса кинавниги 616 цIалдохъан гIахьаллъун вуго. Гьезда гьоркьоса регионалияб этапалде ворчIун вуго 92 цIалдохъан.

14 цIалдохъан вуго цо чанго предметалъул рахъалъ республикаялъулаб этапалде рорчIаралги. Гьездасан ккола ункъго батIияб предметалда (ОБЖ, Физкультура, Астрономия, Русс. язык) республикаялъул олимпиадаялде йорчIарай ХIебда гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан МухIамадова Фатима ГIалиасхIабовна. ТIидиб школалъул 10 классалъул цIалдохъан ГIисалмухIамадова Хадижат МухIамадовна (История, Обществознание, Биология, Русс. язык). Лъабго предметалъул олимпиадабазда регионалияб этапалде рорчIана ГьентIа школалъул 9 классалъул цIалдохъан ХIасанова ПатIимат ХIасановна (История, Русс.язык, Физика) ва ХIебда школалъул цIалдохъан Давудов МуртазагIали Давудович(Физика, Астрономия,Химия).

Гьединго кIи-кIи предметазда бергьана:

РУГЪЕЛДА СОШ -
ГIалихIмаев З.Ю. (10кл.),
МухIамадова П.Н. (11 кл)

ХIЕБДА СОШ -
МухIамадова Ш.М.(10 кл),
МухIамадов А.М.(II кл),
Жамалудинова П.Д.(10 кл),
Ибрагьимов М.И. (9 кл)

ТIИДИБ СОШ -
ГIалиев И.ГI (10кл),
Ибрагьимов М.Ш. (9 кл).

ГЬЕНТIА СОШ -
Ханасулова М.М (11 кл)

ГIАСАБ СОШ -
Къурбанов М.Къ (10 кл).

ТIолабго республикаялдаго тIоритIулел гьел олимпиадабазда цIалдохъабаз рихьизарурал хIасилазда нилъер район щуабилеб бакIалда бугинги бицана И.ХIусеновас.

М. ГIУМАРАСХIАБОВ.

ГIисалмухIамадова Х.М
10 класс



Давудов Муртазали 9 класс

МухIамадова Фатима 10 класс

ХIасанова ПатIимат 9 класс

(Суратазда, лъабго ва ункъго предметалъул рахъалъ олимпиадаялъул республикаялъулаб этапалде рорчIарал цIалдохъаби)

Авторалъул бокIон

ПатIимат КЪУРБАНГIАЛИЕВА

«БакIал къваридалъур ракIал гIатIидал «магIарулал рукIин лъикIал гIадамал бихьана 13 январалда МахIачхъалаялда «Миллат» газеталъул гьитIинабго рокъор кIикъогоялдаса цIикIкIарав чи Баху МухIидиновалъул ахIиялда гъоркь ракIариялдалъун. Сундеха данделъарал гьел гIадамал балеб гIаздахъ балагьичIого, кьиндалил квачалъул хIисаб гьабичIого, щвараб гIодобкъоялъул лазат босичIого, бежтIадерил борхалъудасаги ГъизляралЪул рагIалдасаги гIунтIун рачIун?

Гьел данде гьаруна рахьдал мацIалде бугеб рокьиялъ, ахираб заманалъ школазда гьелдехун хисун бугеб бербалагьиялъ ва цо кинаб букIаниги рекIее парахалъи бачIунеб хабар, авар мацIалъул нус-нус учитель цолъизавизе хIалкIварай Баху МухIидиновалъ щиб бицунищали гIенеккизе. Щивасул бадиб букIана суалияб ишара. Рахьдал мацI цIунулезул байрахъалда гъоркь дагьай цеегIанги лъай кьеялъул министерствоялда хIалтIулей йикIарай, гьанже КIаратIе кIудияб хъулухъалде ккарай Раисат ГIабдулбасирова гьений ятиги ккана кIудияб рохел магIарул учительзабазе. Нуж рихьизе бокьун щварай йигилан салам кьезе жание яккана халкъияй шагIир ТубхIат, разияб гьимигун ва гьуинаб каламгун. Сундулха бицараб данделъиялда. Щивасул батана рекIел къварилъи ва гIузраби, гьел ричIчIулеб ва кинаб бугониги гIакълу кьолеб бакIалда данделъун ругелъул цо-цоккун рехсана. Фазул ВатIаналда гьелъул тадбирал гIурус мацIалда гьариялдалъун щиб бичIчIулеб бугеб нилъеда, шагьаралъулцин гурел мугIрузул районазда рахьдал мацIалъул тIахьал тIагIинаризе лъугьарал директорзабазда щиб абулеб нужеца, дие бокьун хисанин рахьдал мацIазул сагIтазул къадар цIалул планалдайилан лъугьарал хIакимазе кинаб кьолеб бугеб къимат????

Кинаб нилъеца кьуниги гьечIеб гурицха ургъел тIадчагIазда берцин рихьи гуреб! ТIадчагIазин абуни гьабулебщинаб бугилан ккола мацIиги, цIарги, кьибилги нилъер маданиятлъулго лъугIизабизе. Халкъ - гьеб кIудияб къуват буго, амма кагътида хъвараб закон нахъе хъвагIазе гьелда бажаруларо. КIудияб хьул буго гьаб цолъиялъул къуваталдалъун, нилъее канаб чирахъ кодоб ккун цеехун унеЙ Бахуцаги, методикияб рахъалъ квер ккун цере рачунев ХIайбула Вакиловасги тIамулел галаби нилъер лъикIлъиялде рачинилан. Ассоциациялъул планал цере рахъана гьелъул нухмалъулей Баху МухIидиновалъ, кинавниги чиясул пикруялда рекъон хIадурана лъагIалида гьабизе бугебщинаб, бичIчIизабуна кинабго мацIалда сверун бугеб ахIвал-хIал. ЛъикIлъиялдехъулгун, хинабасаргун, гьабизе бугебщинаб къалмидеги босун рахъ-рахъалде рикьана магIарулал. Кибго багьадурлъи бихьизабурал магIарулаз гьаб гъинги тIаса рехилеб батила!

■ ТIОГЬИЛЛЪАРАЛ ТIАНЧАЗДАСА

(1982 сон. 22 декабрь)

ЦIиял гIадатал

ЗахIматчагIазе, хасго гIолилазе патриотияб тарбия кьеялде, гьезда гьоркьор цIиял гIадатал тIоритIизариялде, басриял заралиял гIадатал лъугьизариялде цIикIкIараб кIвар буссинабун буго районалъул гIемерал байбихьул парторганизацияз, школазул дирекцияз, культура-лъай кьеялъул учреждениеяз. Умумузул гьайбатал гIадатазе ритIухъаллъун захIматчагIи куцаялъул иш лъикI гIуцIун буо ГIурада, ТIидиб, Гьоор росабалъ. Гьенир тIоритIула партиялъул захIматалъул ветераназулгун, ВатIаналъул рагъул гIахьалчагIазулгун дандчIваял, цIиял гIадатазул ва патриотиялъулаб тарбия кьеялъул конференцияби. Хасго кIудияб кIвар кьола Советияб Армиялде унел гIолохъаби рохалилаб ахIвал-хIалалда тIоритIи букIинабиялде.

Гьанже гIадамазул гIумруялъулъе лъугьун руго комсомолазул бертаби гьари, паспорт боси, хIалтIуде лъугьин, лъимер гьаби гIадал ва цогидал цIиял гIадатал. Гьоориб росулъ ригьнаде лъугьарал бахIарал уна тIугьдузул квацIаби рагъда хваразе гьабураб памятникалда лъезе. Хучада росулъ щибаб соналда кIодо гьабула ихдал хуриб тIоцебесеб рахъ бай. Гьеб къоялда щивав 16 сон барав гIолилав восула жамагIаталъул ихтияр бащадав гIолохъанчилъун. Гьез жидерго росуцоязе гьа бала росдал къадру цIунизе, ВатIаналъе ритIухъаллъун рукIине.

Районалъул росабалъа лъугIун унел руго басриял заралиял гIадатал. Гьанже ханжар борчун хьвади лъугьун буго сурукъаб ишлъун, лъикIаланго дагьлъун руго гьекъолдухъаби, жахIда-хIусуд. ГIадамазулъ бижун бачIун буго щулияб гьудуллъи, цоцазул хIурмат гьаби, хIажатазе кумек гьаби. ГIурада росулъ щивас цIияб ригь балаго росуго бахъун кумек гьабула, баччула гамачI, рала къадал, лъола тIад, жаниб чIвала хIачч. Гьеб лъикIаб гIадат тIибитIун унеб буго цогидал росабалъги.

Амма, кигIанго бокьичIониги, районалъул росабалъ цIиял гIадатал гIадамазул гIумруялъулъе лъугьинариялъул рахъалъ жеги кIвар буссинабизе ккарал гIунгутIаби руго. Кколел руго гьекъолдиялъул ва гьекъон мехтараз такъсирияЛ ишал гьариялъул, чи чIваялъул, хваразда хадуб цIикIкIараб къадаралда садакъаби гьариялъул, зияраталъ хьвадиялъул хIужжаби. ЦIиял гIадатал гIумруялде лъугьинариялъул рахъалъ гьабулеб халкъияб бичIчIи кьеялъул хIалтIи къадарго гIуцIун буго ГIасаб, ТIелекь, КъахIиб росабалъ.

ЦIиял гIадатал гIадамазул гIумруялъулъе лъугьинариялъул рахъалъ гьабулеб хIалтIи тIаде ккола росабазул партиялъулгун советияб ва комсомолазул гIуцIабазде, культура-лъай кьеялъул учреждениеяздЕ, киналго идеологиялъул хIалтIухъабазде. Гьезул масъалалъун буго цIиял гIадатал захIматчагIазул гIумруялъулъе лъугьинариялъе гьабулеб халкъияб бичIчIи кьеялъул хIалтIи кутаклъизаби, гьеб асар гьабулеблъун лъугьинаби.

«БАГIАРАБ ЦIВА»
№152 (5889)

■ ЦIИЯЛ ТIАХЬАЛ

Хурдузул махI бахъараб тIехь...

8 классалъул КТНДялъул тIехьалда 2 дарс кьун буго халкъияб тохтурлъиялъе.

ТIоцебесеб сагIаталда жаниб бицуна халкъиял тохтурзабазул хIакъалъулъ, кIиабилеб дарсида - даруял хурдузул ва сахлъи цIуниялъе квербакъулел халкъиял гIадатазул.

Гьениб дица кидаго хIалтIизабулаан Хунзахъа тохтур, мунагьал чураяв ГьитIинамухIамад ТIалхIатовасул даруял хурдузул гIурус-авар словарь. Амма гьел хурдузул кьер, сурат ва кин хIалтIизарулеяли бицине рес рекъолеб букIинчIо.

... Гьал къоязда дихъе щвана гьел гIунгутIаби тIуразе рес бугеб машгьурав шагIир ва журналист МахIмуд-Апанди МухIамадовасул «Халкъияб тохтурлъиялъул хазиналдаса» абураб магIарул мацIалда хъвараб тIехь.

ХIасил, гьеб тIехь кодоб бугони, бокьарав чиясда жиндирго ва жиндир гIагарлъиялъе хIажатал даруял хурдул ратIа гьаризе, хIадуризе ва хIалтIизаризе бажарила. Гьеб кIудияб нигIмат буго. Щай?

...БусурбабазулГиппократилан жинда абулев Абу ГIали иб Синаца (Авиценна) хъвалеб буго: «Даруяб гуреб хер цониги гьечIо, хералъ сах гьабун бажарулареб унтиги гьечIо» абун. Цойги рагIана дида дунялалда чан унти батаниги, цоялъ тIаде цIикIкIараб даруги бугилан.

Хал гьабеха, чан-чан унти бугеб химиялъ сах гьабулеб, Авиценнаца абухъе, гьел унтаби сах гьарулел хурдузул дарабиги рукIаго. Амма инсанасул сабру гIоларо заман бахъулел хурдузул дарабаздеги вуссун, хехго сахлъулел химиялъул препаратал хIалтIизаричIого чIезе. ХIакъаб жо, хурдузул дарабазул заман халатаб букIуна, амма зарал дагьаб букIин хIакъаб буго. Щиб лъалеб, бачIине бегьула заман инсан цIидасан хурдузул дарабазде вуссине бегьулеб.

Кин бугониги, МахIмуд-Апанди ун вуго умумузул нухдасан, нилъер устарзабазул ва бусурбан гIалимзабазул малъахъваялги кьочIое росун. Гьес таваккалаб гали тIамулеб буго халкъалъул сахлъи цIуниялъе бажарабщинаб гьабизе. БитIараб бицани, дида баладасан гьев чи тIадегIанаб лъаялъул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъан ватилин ккун букIана.

Тавпикъ кьеги гьесие гьеб нухги ккун, шигIрияб гьунарги кIалзул пасихIлъиги кумекалъе ахIун, халкъияб тохтурлъиялъул цоги гъамас рагьизе. Кин гьеб?

Халкъияб тохтурлъи гьеб кколелъул инсанас аза-азар соназ жиндирго хIалбихьиялъул кьучIалда гIуцIараб хурдуздасан, тIабигIаталъул ракьулъ рукIунел жалаздасан, хIайваназдасан, хIутIхъумуралдасан, батIи-батIиял лъимаздасан, гьава-бакъалъул шартIаздасан гIуцIараб унтаби сах гьарулеб къагIида.

МухIамад ГЪАЗАЛИЕВ,
Гьандихъ школалъул директор.

■ ЗИГАРА

Мария МУХIАМАДОВА

1 январалъ гIумруялъул 73 сонида Аллагьасул къадаралде щвана МухIамадова Мария. Гьей гьаюна Гъизляралда. Гьениб медучилище лъугIун хIалтIизе йитIана Ругъелда участкаялъул больницаялде.Чанго соналъ росгун цадахъ пенсиялде инегIан хIалтIана районалъул централияб больницаялда акушеркалъун. Мария йикIана магIарул гIадат, гIамалги босарай, ракIбацIцIадго тIадаб хIалтIиги тIубалей гIадан. КIудияб къадру-къимат букIана районалъул руччабазда гьоркьобги, хIалтIулеб коллективалдаги. Жийго эрменияй йикIаниги, гьелъ мухIканго тIуралаан исламияб диналъул шурутIалги. Гьей йикIана росасе мутIигIай чIужуги, мисалияй эбелги, цадахъ хIалтIулезулъ хIал рекъарай гIадатияй гIаданги.

Нижеца зигара балеб буго гьелъул росасдаги, лъималаздаги, гIагарлъиялдаги.

Гьей кидаго нижер ракIазулъги йикIине йиго.Алжан насиблъайги гьелъие.

Къелдерил жамагIат ва ЦРБялъул коллектив.

Аваразул нус

ЛъагIалил байбихьи хъвагIулеб гIазу
ГIураб цIорой буго гьаб шагьаралда
ГIазуги цIоройги цадахъги босун
Йосун лъуна хабалъ цо лъикIай гIадан
ЛъикIай йикIиналъе нугIлъи гьабулел
ГIемерал рукIана ракIарун гьанир
Росулъаги вачIун ГIусман-хIажияс
ХIалалай лагъ йикIун тIойитIана гьей
ТIабигIаталъ кьураб къисмат бихьулищ
БатIияб жо буго чиясул гIумру
Гъизляралда цIалун Къелей хIалтIарай
АхIана хобалъе Ленинкенталда
Гьай йикIана тохтур цIали лъугIигун
Лъабго сон базегIан гьаний йитIарай
ГIумруялъул гьудул гьенивги дандчIван
Динги гIадаталги гьазул босарай
Мария,Мария мун эрменияй
Аваразул васас асир гьаюрай
Цее Шамилие ЩугIайнат гIадин
ГIабдулхIакимие хIалаллъун ккарай
Мун йикIана гIадан гIумру бичIчIулей
ГIаданлъи бергьарай росу бахилай
Росасе мутIигIай, тIабигIат лъикIай
Лъималазе гIоло гIумро борцуней
Гьобол-гьудуласул адаб рехичIей
Гьел тIаде рачIингун нодо букIкIинчIей
ЧIухIигин гогьдари рос хIаким вугин
ХIал лъазе кидаго, лъидаги течIей.
Мун хIалай ятана хIалтIулел соназ
Нус-нус чIужугIадан хвасар гьайизе
Гьаб дуниялалде тIоцеве щолев
ЦIияв инсанасда гIумру баркизе
Дур анищ тIубана мунго гIадинал
ГIаданлъи бергьарал лъимал рахъиналъ
Мадина, Асият, Муслим –лъабалго
Тохтурасул махщел щварал рукIиналъ
Мун лъалелщиназул щивасул рекIелъ
БацIцIадаб,роцIараб лъалкIги тун анин
Алжанги дуй хIакъаб къудратас кьелеб
Кьижа рахIаталда аваразул нус.

Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ.

■ СПОРТ

ГIолилал цолъиялъул мурадалда

КъахIиб, Гьоор ва Хьиндахъ росабазул гIолилазул жамгIиял гIуцIабазул хIаракаталдалъун 26 январалда МахIачхъалаялда тIоритIана рехсарал росабазул гIолохъабазда гьоркьор чIор речIчIиялъул къецал.

ГIолилал цолъиялъул мурадалда тIоритIарал къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакI босана КъахIиса МухIамадрасул Исламовас, кIиабилеб бакIалде вачIана Хьиндахъа МухIамадкъасум МухIамадов ва лъабабилеб бакI Гьоориса ХIусен Шагьидиловас босана.

Бергьенлъи босаразе росабазул кураторaз кьуна грамотаби ва медалал.

Ахиралдаги къецал тIоритIиялъул бугеб кIваралъулги, гьеб аварагасул суннат букIиналъулги бицун, хIукму гьабуна гьадинал къецал щибаб соналда тIоритIизе.

Нилъер районцоязул бергьенлъаби

Ругъелдаса Давуд ХIажимухIамадов

27 январалда МахIачхъала шагьаралда тIоритIана 21 соналде щвезегIан гIумруялда ругел гIолилазда гьоркьор кверзул рагъулаб тайпабазул Дагъистаналъул чемпионат.

Гьеб чемпионаталда гIахьаллъана Гъизляралда гIумру гьабун вугев нилъер ракьцояв, Ругъелдаса ХIажимухIамадов Давудги.

70 кг цIайиялда цеве вахъарав Давуд дандиязда тIад ракIчIараб бергьенлъиги босун, финалалде ворчIана. Амма финалалда Давудида цадахъ цого клубалда ругьун гьавулев спортсменгун дандчIваялъ, гьесул тренерас хIукму гьабуна можоро бахъиялдалъун бергьенлъи кьезе. Можороялъул хIасилалда Давуд кIиабилеб бакIалде вачIана.

Давудил бергьенлъабазул сияхI гьитIинаб гьечIо. Гьев кикбоксингалъул рахъалъ ункъго нухалъ Дагъистаналъул ва кIиго нухалъ СКФОялъул чемпионлъун вахъана, призалъул бакI ккуна Россиялъул первенствоялдаги.

Баркула Давудида гьеб бергьенлъи, гьарула чорхое сахлъи ва жеги чIахIиял спортивиял церетIеял.

Бакълъухъа МухIамад АхIмаев.

28 январалда Нальчик шагьаралда тIоритIана гIолилазда гьоркьор эркенаб гугариялъул къецал .

ГIали ГIалиев ракIалдещвеялъе тIоритIулел гьел къецазда гIахьаллъана Бакълъухъа АхIмаев МухIамадги. 65 кг цIайиялда цеве вахъарав МухIамадица дандиязда тIад ракIчIараб бергьенлъи босана ва чемпионлъун вахъана.

Баркула МухIамадида гьеб бергьенлъи.

НИЖЕР МУХБИР

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный Аттестат об основном образовании за номером № 05ББ0102379, выданный в 18.06.2009 году Магомедову Шамилю Алиевичу МКОУ «Ассабская СОШ», считать недействительным.

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
П. ГьитIинова
(Балилова)
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
М. ГIумарасхIабов.

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
М-Р. АсхIабов
Р. Къурбанова

НАБОР
Муъминат
ГьитIинамухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи
«Шамильский районалъул»
администрация

Учредители: Администрация
муниципального образования
«Шамильский район»,
Шамильское районное
собрание

БатIи-батIиял соназда газета
къватIибе бачIунеб букIана
“ЦIияб канлъи” ва
“БагIараб цIва”
абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна
редакциялъул
компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул
миллияб политикаялъул,
информациялъул ва
къватIисел бухьеназул
министерствоялъул
“ГУП РГЖТ”
типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована
Министерством РФ
по делам печати,
телерадиовещания и
средств массовых
коммуникаций
Южного окружного
межрегионального
территориального
управления.
Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон
печаталде кьураб
заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде
кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру
кидаго гуро газеталда
рахъарал макъалабазул
авторазул пикругун данде-
кколеб. Макъалабазда
рихьизарурал хIужабазул,
цIаразул, тарихазул ва
цогидалги баяназул жаваб
кьола гьезул авторaз.
Гьединал материалал
газеталда рахъула,
гьезие общественносталъ
къимат кьезелъун.

Нижер электронияб
почтаялъул адрес:
infcentr2015@yandex.ru

Издателасул адрес:
РОССИЯ, Республика
Дагестан, Шамил район,
ХIебда росу
Имам Шамилил къватI
№ 50